# ХЬАЛХАРА МОТТ ХЬАЛХАТАТТАРХ ДАЙ-НАНОШНА ХААМ/Ч1АГ1АМАШ

---

Лараме дай-наной, ларамe бакъо йолу верасаш!
**Меттан 1илма** а**, цуьнан г1олацар** а цхьа дакъа ду Австрин 1аморан а, 1алашдаран а берийн хьукматийн уставан декхарийн а, юкъарчу **дешаран мандатан** а. Оптимале а, дог1уш долу а г1о лацаран ч1аг1ам хилийтархьама, Штирин ерриге а берийн хьукматашкахь шайх иштта олуш йолу **меттан тесташ** д1ахьо. Царна чохь хаам хила беза шун беран **мотт хааран т1ег1анах**.

Коьрта тидам т1ебохуьйту леррина кечдинчу тергаман кехатан, шех иштта олуш долчу **BESK KOMPAK**T я **BESK-Daz KOMPAKT** г1оьнца хьан берана мотт караберзар талларна.  Цунах пайдаоьцу немцойн мотт хьалхара болчу (BESK KOMPAKT) а, немцойн мотт шолг1а болчу **(BESK-DaZ KOMPAKT)** а берашна мотт караберзар д1аяздарехь. Тергам бар д1адаккха йиш йоцу дакъа ду берийн хьукматашкахь а, берашна 1уналла дечу хьукматашкахь а белхаш бечу **педагогаша** а, кхетош-кхиорхоша а х1ора дийнахь бечу белхан, и х1ора дийнахь ша-шаха нислучу хьелашкахь д1ахьош а ду. Бокккха тидам т1ебохуьйту ловзарехь а, коплексни кхочушдарехь а мотт караберзар марздарна. 1алашонан тергаман **мах хадоро** гойту карадирзинарг а, беран **нуьцкъала аг1онаш** а, **къаьсттина долу хаарш**  а, цо таро ло мотт кхиарна оьшу хьелаш х1иттон а, дагалаца а.

**Меттан т1ег1анан BESK KOMPAKT / BESK-DaZ KOMPAKT** г1оьнца таллар д1ахьо мел лаххара цкъа школе дахале 1аморна кхолг1ачу шарахь массо а берана.

Нагахь жам1о берана мотт 1аморехь г1о оьшу аьлла гайтахь, кхид1а долу тергам бар т1аьхьо д1ахьор ду. Тергам баран цхьа г1ирс цхьана берана масехазза лелоро гойту меттан г1о лоцучу хенахь беран болу кхиамаш, иштта цо таро ло цу беран мотт караберзаран карарчу т1ег1анна г1о лаца а. Цу г1уллакхийн 1алашо – берийн хинйолу дешаран таронаш жигарахяхар а, т1ейог1учу хенахь шайн говзаллин дахар атта а, дика д1адолон таро хилийтар а.

Нагахь хьан цхьана а кепара BESK KOMPAKT / BESK-Daz KOMPAKT я тергамах лаьцна хаттарш далахь, доьху хьоьга, бер 1аморан а, берана 1уналла даран а хьукматан куьйгаллица з1ене валар. Д1абаьхьначу хаттаман жам1аш мотт хааран т1ег1анехь юкъатоха тарло х1ора шарахь тобанан хьехархошца а, хьоьца а хуьлчу цхьаьнакхетарна.

**Д1алуш долу кехат**

Д1алуш долчу кехато гойту хьан берана тергам баран г1ирсан **BESK KOMPAKT** я **BESK-DaZ KOMPAKT** г1оьнца тидам баран жам1ашка б1аьртохар. Цо **юьхьанцарчу школе**, къаьсттина хьехархошка д1ало, т1аьххьара тергам бинчу хенахь хьан берана мотт караберзаран т1ег1анах болу хаамаш. Бакъо йолу верас санна, хьо декхарийлахь ву/ю хьан бер лелар долчу школе д1алуш долу кехат д1адахьа. Нагахь санна, ахь и д1а ца лахь, юьхьанцарчу школин таро ю и д1алуш долу кехат бер 1аморан а, цунна 1уналла даран а хьукмате схьадеха.

**Г1одаран т1етоьхна г1уллакхаш**

Маттана г1одар берийн хьукматашкахь хьалхарчу шерашкахь а, берийн хьукматашкахь а доккхачу декъана долуш шайн ницкъашца кхочушдо. Маттана г1олаца дезаш бераш сов гучудовларе хьаьжжина,

берийн дешаран хьукматашка а, берашна 1уналла даран хьукматашка а кхойкху

кхин а **сов белхахой** мотт кхиоран 1алашонца, цара меттигашкахь компексан буха т1ехь берашна г1о до меттан т1ег1а кхиорехь.

- **ненан маттахь г1олоцурах** пайдаоьцу немцойн маттал сов, берашна шайн ненан мотт 1амон г1о дан а, дог даийта а, улле бовла а.
- **талмажаш** кхойкху тайп-тайпанчу ненан меттанийн т1ег1а толлуш хаттам д1абахьаран гурашкахь а, довзаран муьрехь улле бовлучу хенахь а.
- Консультациш а, г1о лацар а, хьехархойн персоналана говзалла лакхаяккхар а кховдадо Штирин лаьттан **лерринчу консультативни г1уллакхалло**.